



Pou Piblikasyon Imedya: 03/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE PWOGRAM ENVESTISMAN KAPITAL NAN ENFRASTRIKTI SAN BI LIKRATIF 60 MILYON DOLA POU SIPÒTE FOUNITI SÈVIS ESANSYÈL YO BAY NOUYÒKÈ YO

Òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif ki elijib yo ka resevwa jiska 500,000 dola nan finansman sibvansyon kapital pou sipòte pwojè konstriksyon a gran ak ti echèl yo

Baze sou investisman presedan Gouvènè a pou pwoteje ak sipòte òganizasyon san bi likratif yo, ki gen ladan kolèj ak inivèsite san bi likratif yo ak òganizasyon ki sipòte veteran ak Nouyòkè ki gen andikap devlopmanal yo

Demann pou aplikasyon yo disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yon minimòm 60 milyon dola nan finansman sibvansyon kapital pral disponib pou òganizasyon sèvis sosyal san bi likratif yo atravè Pwogram Envestisman Kapital nan Enfrastrikti San Bi Likratif (Nonprofit Infrastructure Capital Investment Program, NICIP) la pou sipòte reyalizasyon sèvis enpòtan pou Nouyòkè yo. Òganizasyon san bi likratif ki elijib ki bay pwogram ak sèvis dirèk pou Nouyòkè yo ka resevwa sibvansyon ki varye ant 50,000 dola ak 500,000 dola pou fini pwojè konstriksyon a ti ak gran echèl yo. Demann pou Aplikasyon (Request For Applications, RFA) yo disponib [isit la](#).

"Pwogram Envestisman Kapital nan Enfrastrikti San Bi Likratif la se youn nan zouti ki pi pisan eta nou an pou ranfòse ak prezève rezò sekirite sosyal New York la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Òganizasyon san bi likratif yo se youn patnè esansyèl nan founi sèvis enpòtan yo bay moun ki nan bezwen, men twò souvan, bezwen enfrastrikti ak yon mank finansman kapital rann sa difisil pou òganizasyon sa yo. Lè nou fè envestisman transfòmasyon nan sektè san bi likratif nou an, administrasyon mwen an pran angajman pou l kenbe resous ak sèvis vital Nouyòkè yo konte sou yo".

Otorite Dòtwa Eta New York (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la, ki pral administre pwogram nan pou Eta a, pral afiche tou Demann pou Aplikasyon (RFA) yo sou sit entènèt li anplis opòtinite finansman ki disponib sou Pòtay Sibvansyon Eta New York (New York State Grants Gateway). DASNY pral bay potansyèl aplikan

san bi likratif yo enfòmasyon esansyèl tou atravè yon videyo wèbinè enfòmasyon ki pral afiche nan tou de lokal yo nan 18 oktòb 2023.

Opòtinite NICIP sa a pral itilize yon pwosesis premye vini, premye sèvi pou pwogram sibvansyon konpetitif sa a. Aplikasyon yo ka soumèt nenpòt ki moman soti 1 desanm 2023 jiska 12 janvyè 2024. Yo pral bay aplikasyon yo nòt jan yo resevwa yo epi pwosesis nòt aplikasyon yo ap kòmanse depi 2 desanm 2023. Tout aplikan ki fè nòt nan limit minimòm lan pral avanse nan DASNY pou tretman sibvansyon an jiskaske tout finansman yo te itilize. Aksan pou bay aplikasyon yo nòt yo pral sou pwojè kapital ki 'pare pou lanse' yo epi ki prevwa fini nan mwa desanm 2026 oswa anvan. Si yon aplikan NICIP ki kalifye avanse pa ka konplete revizyon obligatwa yo oswa pwojè li pwopoze a, yo pral retounen finansman sa a nan rezèv NICIP la epi yo pral bay pwochen aplikan ki kalifye pou NICIP ki sou lis aplikasyon yo.

NICIP baze sou angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje ak sipòte sektè san bi likratif, ki bay Nouyòkè yo resous ak sèvis enpòtan atravè eta a. Mwa pase a, Gouvènè a te anonse plis pase 63 milyon dola nan prim finansman kapital pou plis pase 30 kolèj ak inivèsite New York pou sipòte gwo pwojè konstriksyon, nouvo ekipman, ak lòt investisman nan enfrastruktir inivèsite Gouvènè a te anonse tou prèske 38 milyon dola pou ranfòse sekirite etablisman òganizasyon san bi likratif yo ak preparasyon jeneral, 13 milyon dola pou òganizasyon k ap bay fòmasyon karyè pou Nouyòkè ki gen andikap nan devlopman, ak 2.7 milyon dola nan finansman pou òganizasyon k ap sèvi veteran yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)